**МКОУ «Садовая СОШ»**

| **РЕКОМЕНДОВАНО** | **СОГЛАСОВАНО** | **УТВЕРЖДЕНО** |
|---|---|---|
| Руководитель М.О. | Заместитель директора по УВР | Директор МКОУ Садовая СОШ |
| Хизриева У.Х. | ______/ /Рамазанова А.А | «О |
| Протокол № __5__ от | Протокол№ --5-----от. | ______/Салаватова И.М../ |
| «_16_»__06______2023 г. | «_17_»__06________2023___ | Приказ №_____ от |
| | | «___»_________2023__ г. |

# Рабочая программа

# по родному (аварской) литературе

# 5 кл.

Автор : Мухтаров С. Хамзатов А. Меджидова Ч.

ННИ педагигики 2001 г.

Всего:34ч. в год(1ч.в нед.)

Учитель: Рамазанова А.А.

2023-2024 уч.год

**Программаялъе баян**

Программа х1адур гьабуна РФ Лъайкьеялъул министерствоялъ 2021 с. 31 маялда тасдикъ гьабураб (№ 287) ас-лияб школалда лъай кьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги тарбия кьеялъул мисалияб программаги кьоч1ое росун.

Программа г1уц1ун буго жакъа къоялъ школалда лъайкьеялде ругел ц1иял т1алабалги, гьабсаг1ат к1вар бугел методикабазул ресалги х1исабалде росун, муг1алимзабазе «Авар адабият» ц1алул предметалъул х1алт1ул программа г1уц1изе кумек гьаби мурадалда.

Программаялъ аслияб школалда стандарталъ бихьизабураб авар адабият малъиялъул мурадалда рекъон стан-дарталъул х!асил рагьула ва рагIа-ракьан бахъун мух3канлъизабула, гьединго цIалул предметалдалъун цIал-дохъабазе лъай ва тарбия кьеялъул нух бихьизабула.

Г ьелъ рес кьола гьединго муг1алимзабазе адабият малъулаго стандарталъ т1алаб гьабулел напсиял, предмети- ял, метапредметиял х1асилал г1умруялде рахъинаризе ресал ралагьизе, адабияталъул дарсазда чара гьеч1ого кьезе кколеб лъай баян гьабизе, малъизе кколел асаразул сиях1 ч1езабизе, гьел киналго т1алабалги лъайги щибаб клас-салъе мух1кан гьаризе.

Программа ккола мисалияб, ай гьелъул кьуч!алда муг1алимзабаз йу^изе бегьула авторазул программаби (ц1алдохъабазул къадар, лъаялъул даража, гьезулгун классалда х1алт1и гьабизе ругел шарт1азде балагьун, шко-лалъул ва муг1алимзабазул ресал х1исабалде росун) ва цIалул тIахьал.

**«Авар адабият» малъиялъул мурадал**

Аслияб школалда авар адабият лъазабула гьал хадусел аслиял мурадазде щвезе:

- Дагъистаналъул халкъазул рух1ияб бечелъиялъул кьуч1алда г1олилазе тарбия кьей;

- рух1ияб рахъалъ цевет1урав, г1адамазул адаб-х1урмат гьабулев, жиндирго миллат ва Ват1ан бокьулев, кинабго рахъалъ камилав инсан куцай;

- жиндирго пикру билълъанхъизабизе, творческияб къаг1идаялъ х1алт1изе ц1алдохъанасул бугеб бажари це- бет1езаби;

- аваразул ва дагъистаналъул цогидал миллатазул художествиял асарал ричМи, гьел ц1али ва гьезул анализ гьаби;

- жамаг1аталъ къабул гьабурал рух1иялгин эстетикиял нормаби лъазариялъеги, инсанасул г1умруялъул киналго рахъазул х1акъалъулъ лъай щвезабиялъеги, цоцазулгун гьоркьоблъи (ай бухьен) гьабиялъеги адабияталъ квер- бакъулеблъи бичМи;

- авар адабияталъул эстетикияб бечелъи ва авар мац1алъул берцинлъи, гьайбатлъи, пасих1лъи бич1ч1и;

- художествияб текст ц1ализеги, гьелъул анализ гьабизеги, маг1на бич1ч1изабизеги, баян кьезеги бугеб бажари борхизаби;

-бат1и-бат1иял къаг1идабаздалъун художествияб тексталъул х1асил бич1ч1изабизеги, жиндирго текст г1уц1изеги, ц1алараб жоялъе къимат кьезеги, гьелда т1аса жиндирго пикру загьир гьабизеги гъваридго лъазаби;

- щибаб къойилаб г1умруялъулъги, ц1алулъги, х1алт1улъги авар адабияталъул асараздаса пикраби х1алт1изаризе бажари;

- калам камиллъизабизе, каламалдалъун цоцада рич1ч1изе ва цоцада гьоркьоб бухьен ч1езабизе бугеб бажари це- бет1езаби;

- ц1алиялда хурхарал бат1и-бат1иял х1алт1аби (ай мурад лъезеги, план г1уц1изеги, жиндирго каламалда хадуб хал- кквезеги, цТалараб бичМизеги, гьелъул анализ гьабизеги, материал балагьизеги ругьунлъи.

**Курсалъул г1аммаб характеристика**

Программаялда ч1езабун буго авар адабияталъул курс малъулаго лъималазе щвезе кколеб лъаялъул ва лъугьине кколеб бажариялъул мух1канаб г1урхъи-рахъ, гьелъ ц1алдохъабазулъ куцазе кколел х1асилал.

«Авар адабият» предметалъ рес кьола г1ун бач1унеб г1елалъул г1амал-хасият, напс, рух1ияб рахъ бит1ун куцазе. Художествиял асарал ц1алигун, ц1алдохъабазда бич1ч1ула раг1ул берцинлъиялъул к1вар, ва гьезда лъала авар мац1 жиндиего хасиятаб гогьаргун бицине. Лъимал ругьунлъула сипатияб каламалде, шаг1ирзабазул, хъвада-рухъабазул пасих1аб мац1алде, берцинго, дурусго раг1аби дандразе, калам г1уц1изе, маг1наялда рекъараб форма ба- тизе, жидерго пикру къокъго ва баянго загьир гьабизе. Гьелъ к1удияб кумек гьабула ц1алдохъабазул мац1 бечед гьабизе, гьезул каламалъул культура борхизабизе ва берцинго цоцазда бечедаб мац1алдалъун гаргадизе.

Авар адабияталъул дарсаз раг1ул устарлъиялда хадур лъимал гъезарула, камилал художествиял асаразда гъорлъе раккизе ругьун гьарула, пасих1аб сипатияб каламалъул тату лъаялде гьел рачуна, гьелъул кьуч1алда асара- зулъ рихьизарурал жамг1иял гьоркьоблъабаздалъун, г1адамазул г1амал-хасияталдалъун авторасе абизе ва би- хьизабизе бокьараб пикру рагьиялде ва бичМиялде рачуна.

Адабияталъул дарсаз лъимал т1амула миллатазул адаб-х1урмат гьабизе, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи, вацлъи бищун къиматаб бечелъи х1исабалда къабул гьабизе. Гьеб мурадалъе г1оло ц1алдохъабаз лъай-хъвай гьабула цогидал миллатазул адабияталдаса авар мац1алде руссинарурал лъик1ал асаралгун.

Программаялда школалда малъизе т1аса рищун руго хъвадарухъабазул художествияб рахъалъ камилал, тарбия кьеялъе к1вар бугел, мух1канал асарал.

Авар адабияталъул дарсида к1алзул гьунарги гьелда т1ад х1алт1улеб г1елмуги (литературоведение) жубазабула.

Адабият, т1ад ургъун гьабураб берцинаб к1алзул гьунар х1исабалда, ккола г1умру лъазабиялъул хасаб къаг1ида, гьелъул берцинаб куц, нилъеда цебе ч1олеб дунялалъул г1елмияб сураталдаса бат1ияб, г1аданасул г1умруялде бат1и- яб асар гьабун бажарулеб, хъвараб жо ц1алулаго жиндиргоги пикраби цадахъ ц1убалеб творчество.

Адабияталъул дарсазда ц1алдохъабаз лъай-хъвай гьабула художествиял асаразулгунги, гьел асарал хъварал маг1арулазул ва дагъистаналъул жакъасел ва цересел хъвадарухъабазулгунги.

Художествиял асарал ц1алигун, нилъер лъималазул дунялалдехун бугеб бербалагьи г1ат1илъула, гьезда г1еме- раб жо лъала, магТарулазул ва дагъистаналъул цогидал миллатазул адабияталъул бечелъи ва берцинлъи бичМула.

Раг1абазул ва мац1алъул ишарабазул кумекалдалъун литературиял асаразулъ бихьизабураб г1умрудул художе- ствияб сурат нилъеда бичМула рек1ел х1ал хисунги пикру х1алт1изабунги. Г1адада гурелъул адабият философиял- да, тарихалда, психологиялда дандекколеб ва г1умрудул т1ехьлъун, г1адан вич1ч1иялъул г1елмулъун рик1к1унеб.

Курс йу^ун буго тарихиябгун тематикияб тартибги ц!унун. Гьелъ рес кьола лъималазул лъай г!амлъизабизе, литературиял асаразда кколел лъугьабахъинал чIванкъотIараб тарихияб заманалда хурхарал руйин цIалдохъабазда бичIчIизабизе, ва гьезда бихьизабизе гьел асаразда жаниб байи-ба^ияб тарихияб заманалъул гIадамазул гIумруги гIамал-хасиятги ва рук!а-рахъинги гвангъун цебечIезабун букIин; гьелдаго цадахъ лъималазе рагьула жакъасеб къоялдаги гьел малъулел асаразул бугеб к!вар: гьанжесеб гIумруялъе битIараб къимат кьун бажаруларо, аралда дандекквечIого.

Школалда малъизе тIасарищун руго хъвадарухъанасул художествияб рахъалъ камилал, тарбия кьеялъе му- стах!икъал асарал.

Адабияталъул курс гIуцIун буго гьал хадусел бут1абаздасан:

1. Халкъияб к1алзул гьунар;
2. Хъвадарухъабазул маргьаби ва къисаби;
3. ХК г1асруялъул адабият;

4. XX г1асруялъул адабият (т1оцебесеб бащалъи);

5. XX г1асруялъул адабият (к1иабилеб бащалъи);

6. Дагъистаналъул халкъазул адабияталдасан;

7. Обзорал;

8. Адабияталъул теориялъул баянал.

Щибаб бут1аялъулъ кьун руго художествияб литератураялъул асаралги, гьезул аслияб проблема ва художествияб хаслъи рагьулел къокъал баяналги. Асарал малъулаго, хъвадарухъанасул гIумруялъул ва творческияб ну- халъул хIакъалъулъ баяналги кьезе ккола. Гьелъ квербакъула художествиял асарал гъваридго ричМизаризе гу- ребги, Ват1аналъе рит1ухъав, халкъалъул рух1ияб байрахъ борхатго ккезе къеркьарав раг1ул устарасул х1алуцараб г1умру, жигараб х1аракатчилъи баян гьабизе.

**Ц1алул предметалъул г1уц1иялда к1вар кьезе кколел рахъал**

Ц1алул предмет х1исабалда адабияталъул ц1акъ к1удиял ресал руго тарбия кьеялъул х1алт1иялъе. Гьелъ учите- ласе рес кьола, лъимадул пикру гьабизе бугеб гьунар, бажари ц1ик1к1инабизе гуребги, адабияталъул классиказ цере лъолел ругел масъалаби рит1ун ричМизе, ай хъвадарухъангун гара-ч1вариялде, бах1салде лъугьине ва гьелъул х1асилалда къиматаб, бит1араб рух1ияб нухде ккезе. Абадиялъго къиматаллъун хут1улел къадруял г1амалазулгун лъай-хъвай гьаби, гьездехун рак1 ц1ай ккола школазда адабият малъиялъул аслияб нух ва гьелъ рес кьола гьадинал бищунго аслияллъун кколел масъалаби церелъезе:

- рух1ияб рахъалъ цевет1урав, маданиятги лъалев ва щвараб х1албихьиялдасан жамг1ияб г1умруялъулъ пайда бо- сизеги бажарулев инсан куцай;

- инсанасул г1умру къиматаб жо бук1ин, гьесул эркенго цевет1езе ва бугеб махщел, гьунар камил гьабизе ихтияр бук1ин бич1ч1иялъул кьуч1алда гуманизмалъулал, инсан вокьиялъулал пикраби бот1ролъе лъугьинаризе ва гьенир щула гьаризе;

- гражданин х1исабалда бич1ч1и буголъиялъул кьуч1ал, жамг1ияталда ва дунялалда лъугьунеб бугеб жоялдехун жавабчилъиялъул бербалагьи ва жигараб ч1ара-хьараб пикру куцазе;

- патриотизмалъул асар, Ват1аналде ва гьелъул т1адег1анаб къадруялъул тарихалде ва культураялде рокьи, цогидал халкъазул тарихалде ва г1адатазде х1урматияб бербалагьи куцазе;

- х1акъикъиял лъугьа-бахъиназе эстетикияб ва адабазда данде кколедухъ къимат кьезе бажари, Ват1аналъул клас- сиказул асараздаса т1адег1анал мисалал кьун, бугеб х1алалъ, г1адамазул берцинал гьоркьорлъаби ч1езаризе х1аракат бахъулеллъун рук1ине;

- ц1алул предмет ва искусствоялъул тайпа х1исабалда адабият камилго лъазабиялъе х1ажатаб бажариги лъайги щвеялде балагьараб творческияб захТматалде ругьун гьаризе.

**Ц1алул планалда авар адабияталъ ккураб бак1**

Аслияб школалда (5 - 9 классазда) авар адабият лъазабизе бихьизабун буго кинабниги 340 саг1ат, щибаб классалда 68 сагIат (анкьида жаниб 1 саг!ат).

Ц1АЛУЛ КУРСАЛЪУЛ Г1УЦ1И V КЛАСС

ХАЛКЪИЯБ К1АЛЗУЛ ГЬУНАР

«Ганч1ил вас».

«Лъабго гьунар гьабурав бах1арчи».

«Х1амаги Бац1ги»

«Кьурулъ хут1арав Г1али»

Кицаби ва абиял БицанкЧаби

ЛъарагIазул халкъияб кечI **«Янгъизасул кеч1»**

Табасараназул халкъияб кеч! **«Мискинлъи»**

**Даргиязул халкъияб кеч1** «Рагъ рик1к1ад бугониги...»

ХЪВАДАРУХЪАБАЗУЛ МАРГЬАБИ ВА КЪИСАБИ

**Ц1адаса Х1амзат.** «Г ъалбац1ги Г1анк1ги»

Г1абдулмажид Хачалов. **«Шахламаз»**

Г1абасил Мах1амад. **«Ч1ибирикъ»**

XIX Г1АСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ

**Инхоса Г1алих1ажияв.** «Т1абиг1ат берцинаб жо»

**Элдарилав.** «Хъуру-хъара»

**Ц!адаса Х!амзат.** «ГТалибегил гьве»

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ АДАБИЯТАЛДАСА

**Кочхюралдаса Саг1ид.** «Милъиршо», «АхIе кеч1, ле г1ащикъ»

Абут1алиб Гъапуров. **«Дир г1умру»** 7

**Г1азиз Иминагъаев.** «Х1алт1ухъанасул г1умру»

XX Г1АСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ

**Ц1адаса Х1амзат.** «Гьудуллъи лъилгун кквелеб?»

**Мух1амад Шамхалов.** «Зурмихъабазул нохъода»

Мух1амад Сулиманов. **«Х1инкъараб сапар»**

**Расул Хамзатов.** «Вера Васильевна», «Маша».

**Пабдулмажид Хачалов.** «ТIаса лъугьа, гьалмагъ майор»

**Фазу Палиева.** «Рии тIадбан буго дир йалъиялда», «ЦIад» (1/2 бутIа)

Мух!амад ГIабдулхIалимов. **«Инсул мина»**

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЗУЛ АДАБИЯТАЛДАСА

Абумуслим Жафаров. **«СихIираб ци»**

**Кадрия.** «Дир лъимерлъиялда хиял бурана»

АДАБИЯТАЛЪУЛ ТЕОРИЯ:

- Фольклоралъул хIакъалъулъ баян. Маргъаби ва гьезул тайпаби.
- Микьго гьижаялъул кочТолаб гТуцТи. Хабарияб ва шигТруяб калам. КочТол чвахи, аллитерация.

Хабарияб ва шиг1руяб каламалъул х1акъалъулъ баян гъварид гьаби. Рифма ва чвахи — коч1олаб каламалъул пасихЬлъиялъул форма. Коч1ол 7 ва 8 гьижаялъул роцен. Адабиял маргъабазул х1акъалъулъ бич!ч!и, Халкъияздаса гьезул бат1алъи.

- Эпитеталъул х!акъалъулъ баян.
- Дандекквеялъул баян. Раг!ул бит!арабги хъвалсарабги маг!на.
- Дандекквеялъул рахъалъ баян гъварид гьаби. Раг!ул хъвалсараб маг!наялъул х!акъалъулъ бич!ч!и г!ат!ид гьаби.
- Асаралъул теория. Асаралъул темаялъул ва аслияб пикруялъул х!акъалъулъ авалияб баян.
- Дандекквей такрар гьаби, гьелъул к!вар коч!олъ рагьи.
- Адабияв багьадурасул х!акъалъулъ авалияб баян. Гаргар ва авторасул калам рекъонккеялъул к!варалъул бич!ч!и г!ат!ид гьаби.
- Эпитеталъул х!акъалъулъ баян г!ат!ид гьаби.
- Хабаралъул х!акъалъулъ баян.

КЛАССТУН КЪВАТ1ИСЕБ Ц1АЛИ

1. ***Гьабигьанасул лъимал» (маргьа).***
2. ***«Рахъухъирщ» (маргьа).***
3. ***«Бечелъи к1варич1о, махщел бокьила» (маргьа).***
4. ***«Дир санал т1икъваялда хъван руго» (маргьа).***



5. ***Аваразул кицаби, абиял, бицанкАаби (З. Алиханов).***
6. ***Г1абдулмажид Хачалов. «Кусачиясулги бесдалазулги х1акъалъулъ маргьа».***
7. ***Фазу Г1алиева. «ВатАаналъул мах1».***
8. ***МухАамад ГАабдулхАалимов. «Нилъералго рицине бегьуларо».***
9. ***ЦАадаса ХАамзат. «Их», «Хасел», «Оцол гАумру», «Радиоялъул хАакъалъулъ».***
10. ***Заид ХАажиев. «ТАогьол магАдан».***
11. ***Расул ХАамзатов. «ЛекАи», «Алазан», «Херал магАарулал».***
12. ***МухАамад Шамхалов. «ЧАегАераб чу».***
13. ***ГАарип Расулов. «КантАи».***
14. ***Асадула МухАамаев. «ГьитАинав найихъан».***

15. ***Тажудин Таймасханов. «Лъадал парччи».***

16. ***Х1ажи Гъазимирзаев. «Дир Дагъистан».***

17. ***Джамалудин Яндиев. «Куч1дул».***

| № | Темы и подтемы | часы | дата | | Д/з |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | По плану | Факт. | |
| | **Халкъияб к1алзул гьунар** | **5** | | | |
| 1 | Раг1ул искусство х1исабалда ад-л х1-лъ авалияб баян. | 1 | | | |
| 2 | «Ганч1ил вас» | 1 | | | |
| 3 | «Лъабго гьунар гьабурав бах1арчи» | 1 | | | |
| 4 | Калам цебет1езаби. Ц1алараб асаралъе къимат кьей. | 1 | | | |
| 5 | Бицанк1аби | 1 | | | |
| 6 | Кицабиваабиял | 1 | | | |
| 7 | Класстун къват1исеб ц1али. Х1амаги бац1ги». Лит. теория. | 1 | | | |
| | **Литературиялмаргьаби** | **3** | | | |
| 8 | Ц1адаса Х1амзат « Гъалбац1ги г1анк1ги» | 1 | | | |
| 9 | Г1.Хачалов «Шахламаз» | 1 | | | |
| 10 | Г1аасил Мух1амад «Ч1ибирикъ» | 1 | | | |
| 11 | Класстун къват1ибисеб ц1али. Г1абасил Мух1амад «Гъалбац1ил хвел | 1 | | | |
| | **19 г1асруялда авар адабият.** | **4** | | | |
| 12 | Инхоса Г1алих1ажиев «Бечедал чаг1азде» | 1 | | | |
| 13 | Кицабиялалфазал. Эпитет-л х1акъ-лъ баян. Лт. теория. | 1 | | | |
| 14 | Эльдарилав «Хъуру - хъара» | **1** | | | |
| 15 | Ц1адаса Х1амзат «Г1акдал кеч1» | 1 | | | |
| 16 | Калам цебет1езаби. Изложение х1исабалда хабаралъул къокъаб х1асил бицин | 1 | | | |
| | **Дагъистаналъулхалкъазуладабияталдаса** | **4** | | | |
| 17 | Кочхюралдас Саг1ид "Милъиршо" | 1 | | | |
| 18 | Абут1алиб Гъапуров «Дир г1умру» | 1 | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 19 | «Дир г1умру» | 1 | | | |
| 20 | «ГъазизИминагъаев «Х1алт1ухъанасул г1умру» | 1 | | | |
| | | | | | |
| | **20 абилеб г1асруялда авар адабият** | **10** | | | |
| 21 | Ц1адаса Х1амзат «Гьудуллъилъилгункквелеб» | 1 | | | |
| 22 | Мух1амад Шамхалов «Зурмихъабазулнохъода» | 1 | | | |
| 23 | Мух1амад Сулиманов «Х1инкъараб сапар» | 1 | | | |
| 24 | «Х1инкъараб сапар» | 1 | | | |
| 25 | Класстун къват1исеб ц1али. Х1ажи Гъазимирзаев «ДирДагъистан» | 1 | | | |
| 26 | Р.Х1амзатов «Вера Васильевна» | 1 | | | |
| 27 | Р.Х1амзатов «Вера Васильевна» | 1 | | | |
| 28 | «Маша» | 1 | | | |
| 29 | Г1абдулмажид Хачалов «Т1аса лъугьа, гьалмагъ майор» | 1 | | | |
| 30 | Фазу Г1. "Рии т1ад банбугодир т1алъелалда" "Ц1ад" | 1 | | | |
| 31 | Мух1амад Г1абдулх1алимов «Инсул мина» | 1 | | | |
| | **Дагъистаналъулхалкъазуладабияталдаса** | **1** | | | |
| 32 | Абулмуслим Джафаров «Сих1ираб ци» | | | | |
| 33 | Класстун къват1исеб ц1али. Г1арип Расулов «Кант1и» | 1 | | | |
| 34 | Такраргьаби | 1 | | | |